



Pou Piblikasyon Imedya: 01/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN MWA ERAB LA, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU ENDISTRI ERAB K AP FLERI A NAN NEW YORK LA**

***Li ankouraje Nouyòkè yo patisipe nan pwomosyon espesyal nan tout mwa mas la ak Wikenn Erab yo 16 mas - 17 mas ak 23 mas - 24 mas***

***Eta New York klase dezyèm nan nasyon an nan pwodiksyon erab***

Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou sipòte pwodiktè erab lokal pa yo pandan Mwa Erab la. Gouvènè a te mete aksan sou evènman ak aktivite Wikenn Erab (Maple Weekends) New York k ap vini yo, ki pral fèt 16 mas – 17 mas ak 23 mas – 24 mas, ansanm ak lòt evènman espesyal ak pwomosyon pandan tout mwa a. Eta New York ap kontinye klase dezyèm nan nasyon an nan pwodiksyon erab epi tou se lakay pi gwo resous pyebwa erab ki kapab fè antay nan Etazini ak plis pase 2,000 fabrikan sik erab.

"Avèk Mwa Erab la ki ofisyèlman sou pye, pa gen okenn tan ki pi bon pou sipòte pwodiktè Erab New York lokal nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York se lakay yon kominote di pwodiktè erab ki ekstrèmman travay di ki fè kèk nan pwodwi erab ki gen pi bon gou ak inovan nan mond lan. Mmwèn ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo patisipe nan Wikenn Erab yo mwa sa a pou goute kèk nan atik klas mondyal ke machann lokal yo gen pou ofri."

Nan kad lansman Mwa Erab la, Komisè Department of Agriculture and Markets (Depatman Agrikilti ak Mache, AGM) Eta New York la, Richard A. Ball te vizite [Dutch Hill Maple](#), yon fèm familyal nan Tully, NY pou yon antay pyebwa erab anyèl pou mete aksan sou endistri erab New York la ak pwodiktè erab yo k ap patisipe nan pwogram Kiltive & Sètifye (New York State Grown & Certified program) nan Eta New York la. Evènman an tou enkli yon seremoni koupe riban pou nouvo sikreri Dutch Hill Maple la, ki te acheve an 2023.

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard Ball, te deklare,** "Chak ane nan mwa mas, nou selebre Erab, premye rekòt agrikòl nan sezon rekòt bon gou Eta New York la! Gras a pwodiktè erab devwe nou yo, ki gen ladan sila yo ki nan pwogram Kiltive & Sètifye nan Eta New York nou an, New York ap kontinye rete yon pi gwo pwodiktè erab nan peyi a, sa k ap kontribiye anpil nan kominote lokal ak ekonomi nou yo. Avèk sezon dous

sa ki ofisyèlman sou pye, se moman pafè pou vizite yon pwodiktè erab lokal, jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis pou fè siwo a, ak goute kèk pwodwi New York ki gen bon gou".

### **Wikenn Erab yo**

Pandan tout mwa mas la chak ane, epi, an patikilye, pandan de dènye wikenn yo, fèm erab atravè eta a ouvri pòt yo bay piblik la pou bay yon chans pou yo goute bon jan kalite siwo erab, ki soti dirèkteman nan sous la, epi fè eksperyans tradisyon familyal inik nan fè siwo erab nan Eta New York. Pwodiktè yo ofri vizit ak dejene krèp, vann pwodwi siwo erab, epi demontre pwosesis kijan yo fè siwo a, ki gen ladan sistèm tradisyonèl kote yo pandye bokit nan pye bwa yo oswa metòd pwodiksyon pi modèn kote yo itilize aspiratè yo pou yo ogmante randman sèv nan chak pye bwa. Yon lis ou ka fè rechèch sou evènman Wikenn Erab yo disponib nan [mapleweekend.nysmaple.com](https://www.mapleweekend.nysmaple.com).

### **Pwomosyon Erab**

Taste NY Markets New York la atravè eta a ap mete aksan sou pwodwi ak pwodiktè erab lokal inik yo pandan mwa mas la. Plizyè mache ap ofri espesyal, tankou 20% rabè sou tout atik erab nan Sant Dakèy Hudson Valley | Catskills la, yon espesyal dejene krèp pandan tout mwa nan Sant Dakèy Finger Lakes la, echantyon pwodwi espesyal nan Sant Dakèy Rejyon Kapital la ak plis ankò. Pou yon lis konplè pwomosyon erab espesyal ak evènman òganize pa Taste NY, vizite [isit la](#).

Dutch Hill Maple se youn nan prèske 150 fabrikan sik erab ki pral òganize Wikenn Erab yo, ede ranfòsesektè agro-touristik la nan tout Eta New York. Nate Williams, ki te grandi ak tradisyon fanmi an renmen anpil ki se fè siwo erab chak ane ak papa l ak frè l, te achte pwopriyete a ki ta vin Dutch Hill Maple an 2014 ak madanm li ak ko-pwopriyete Cristy. An 2022, yo te kòmanse konstriksyon yon nouvo sikreri pi byen akomode bezwen biznis yo, ak nan sezon 2023 pa yo, Nate ak Cristy te pwodwi plis pase 5,000 galon siwo erab, pi gwo pwodiksyon yo jiska dat. Avèk erab sezon 2024 la ki regilye make premye ane y ap fè siwo nan nouvo sikreri yo a, Fanmi Williams yo prevwa elaji pwodiksyon an davantaj.

**Christy ak Natan Williams ki se Pwopriyete Dutch Hill Maple, te deklare,** "Sa a se yon moman enteresan nan ane a pou pwodiktè erab yo atravè eta a, kòm pye erab yo sanble vin genyen lavi gras ak fliks sèv, ki answit transfòme an siwo erab ki dous anpil. Wikenn Erab yo ofri yon bèl opòtinite ki favorab pou fanmi yo soti deyò epi pou rankontre fabrikan sik ki travay di dèyè krich sou dejene maten ou a, aprann ki jan siwo erab fèt nan "lakou lakay ou", ak sa ki pi enpòtan, goute bon pwodwi erab ki gen bon gou nan sous la. Nou espere ou pral rejwenn nou ak eksperimante tout sa erab New York gen pou ofri!"

Dutch Hill Maple Farm se tou yon patisipan nan pwogram Kiltive & Sètifye nan Eta New York la, ki fè pwomosyon pou fèm ki konfòme yo ak yon estanda ki pi wo pou sekirite manje ak pratik ki favorab sou plan anviwònmanal. Plis pase 90 pwodiktè erab patisipe nan Pwogram Kiltive & Sètifye nan Eta New York la ki verifye pwodiktè agrikòl ak kiltivatè New York yo ki respekte estanda sekirite pwodwi alimantè ak dirabilite

anviwonmantal yo. Jwenn yon lis pwodiktè erab aktyèl ki fè pati pwogram Kiltive & Sètifye NYS la nan <https://certified.ny.gov/wheretobuy>.

Plis pase 90 pwodiktè erab patisipe nan pwogram Kiltive & Sètifye nan Eta New York la ki verifye pwodiktè agrikòl ak kiltivatè New York yo ki respekte estanda sekirite pwodwi alimantè ak dirabilite anviwonmantal yo. Jwenn yon lis pwodiktè erab aktyèl ki fè pati pwogram Kiltive & Sètifye NYS la nan [certified.ny.gov/where-buy](https://certified.ny.gov/where-buy).

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "New York se lakay plis pase 2,000 fabrikan sik erab, epi nou kenbe tit la ak fyète kòm pi gwo resous an tèm pyebwa erab ki ka eksplwate nan peyi a. Biznis fanmi yo posede yo se kè endistri sa a ap grandi vit la, epi efò yo te mete New York nan tèt espesyalite agrikòl sa a. Nou vle biznis erab nou yo kontinye pwospere, ak pandan Mwa Erab an Mas la, tout moun ka jwe yon pati nan vizite kabann sik nan tout eta New York pou apwovizyone pwodui ki gen bon gou ak dekouvri pwosesis pwodiksyon erab lokal la!"

**Senatè Eta a, Rachel May, te deklare,** "New York se yon eta agrikòl prensipal akòz pwodiksyon lplizyè pwodui l yo, ki gen ladan siwo erab. Tradisyon New York ki gen bon gou sa a fè anpil kiltivatè nou yo viv, li ranfòse ekonomi lokal la, anrichi kominote nou yo, ak ajoute gou nan anpil manje nou renmen yo. Li nan enteresan pou nou lanse Mwa Erab la nan vizite yon fèm lokal nan New York Santral ki te eksplwate pye bwa erab pandan anpil ane; Istwa yo ak lòt montre nan ki pwofondè rasin pwodiksyon erab la ye nan eta nou an. Se pou nou selebre Mwa Erab la lè nou jwi sa a pwoui dous ak sipòte pwodiktè erab lokal nou yo."

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Yo pa ta dwe rate Wikenn Erab yo nan mwa mas la, pliske 150 fèm fabrikan erab ouvri pòt yo pou vizite yo. Se yon gwo opòtinite pou fè eksperyans tout bagay ki antre nan pwodwi siwo erab la, ak jwi lòt pwodwi erab yo. Nou trè fyè pou sipòte endistri erab New York la ak remèsye plis pase 2,000 fabrikan sik pou tout efò ke yo mete nan pwodiksyon pwodwi klas mondyal sa a."

**Manm Asanble John Lemondes te deklare,** "Mas se yon tan pou selebre gwo reyalizasyon endistri erab New York la. Se pa sèlman Eta New York se lakay pi gwo sou pye bwa erab ki ka eskplwaye nan peyi a, men li se tou youn nan pi gwo pwodiktè li yo. Pwodiksyon erab se yon eleman debaz nan New York Santral ak endistri agrikòl eta nou an tout antye. Pandan sezon sa a ann pran tan pou sipòte pwodiktè erab lokal nou yo ak fèm lokal nou yo."

**Direktris Egzekitif Asosiyasyon Pwodiktè Erab nan Eta New York la, Helen Thomas te deklare,** "Sezon Erab Eta New York la sou pik li pandan n ap kòmanse mwa a nan mwa mas la. Nòmalmman yon seremoni antay nan 1 mas siyal kòmansman sezon an. Nou tout dakò move tan an te etranj sezon ivè sa a - anpil semèn frèt ak yon ti kras nèj ki te swiv pa semèn cho ki efase kouch nèj la. Pwodiktè erab nou yo te dwe byen prepare pou koule sèv pi bonè pase anvan. Anpil pwodiktè NY ap rapòte ke yo te fè plis pase mwatye rekòt yo deja. Kalite a ekselan kòm remye rekòt yo souvan pi bon

nan sezon an. Nou pa ka tann Wikenn Erab NY yo 16-17 Mas ak 23-24 Mas lè nou envite piblik la pou yo vini nan fèm lan ak wè pwosesis la ak goute rezilta yo! "

**David Fisher, ki se Prezidan Biwo Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare,** "Pa gen mwa ki pi dous pase mwa Erab Mas la nan Eta New York. Pwodiktè Erab yo ap ouvri pòt yo nan montre operasyon fèm yo ki transfòmè sèv kolekte an pwodwi siwo erab ki gen bon gou. Biwo Agrikòl New York la ankouraje tout Nouyòkè yo jwi sezon an kout la ak sipòte fanmi fèm lokal yo, epi nou remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Ball pou sipò nan pati enpòtan sa a nan kominote fèm divèsifye eta a."

**David Skeval, ki se Direktè Egzekitif, Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Onondaga, te deklare,** "Kèk nan erab sik ki pi rafine sou latè ap grandi nan Konte Onondaga, NY. Erab sik reprezante prèske 70% nan tout pyebwa ki grandi nan konte Onondaga. Sa ansanm ak, ansanm ak chèn mòn nou yo, fè Konte Onondaga yon kote ideyal pou pwodiksyon sèv erab. Nou rekonesan pou sipò Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la bay endistri erab la epi nou trè fyè de pwodiktè erab nou yo."

**Direktè Egzekitif Distri Konsèvasyon Sòl ak Dlo Konte Onondaga (Onondaga County Soil and Water Conservation District) Mark Burger, te deklare,** "Nou rekonèt ak apresye TOUT pwodiktè erab nou yo atravè NYS! Se pa sèlman yo ede nou selebre premye prentan, yo bay nou youn nan sik natirèl ki pi nourisan ak pi an sante nan lanati a! Nou ankouraje tout Nouyòkè yo pou sipòte pwodiktè lokal yo epi selebre gwo tradisyon sa a!"

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York la sipòte endistri erab la atravè Bidjè Eta New York la—ki gen ladann finansman pou pwogram pwomosyon ak edikasyon—epi tou atravè investisman nan pwojè rechèch, tankou Arnot Teaching Forest nan Pwogram Erab Inivèsite Cornell la, ak atravè pwogram maketin Kiltive epi Sètifye Eta NY (NYS Grown & Certified) ak pwogram Goute NY (Taste NY) li yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)